**दिन—गुरूवार** **दिनांक—03.10.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायायल पूर्व मंत्री बृजबिहारी प्रसादक हत्याक मामिला मे पूर्व विधायक विजय कुमार शुक्ला उर्फ मुन्ना शुक्ला आओर मंटू तिवारी के दोषी करार दैत उम्र कैदक सजा सुनौलक अछि। ओतहि, न्यायायल ई मामिला मे पूर्व सांसद सुरजभान सिंह आओर राजन तिवारी सहित छओ आरोपी के बरि कऽ देलक अछि। ध्यातव्य अछि जे पटना उच्च न्यायालय ई हत्याकांड मे सभ आठ आरोपी के बरि कऽ देने छल। एकर बाद, पूर्व मंत्रिक कनिया आओर भाजपा नेता रमा देवी आओर सी.बी.आई. पटना हाई कोर्टक निर्णय के सुप्रीम कोर्ट मे चुनौति देने छल। ई मामिल मे निचला अदालत सभ आठ दोषी के उम्रकैदक सजा सुनौने छल। ब्रिजबिहारी प्रसादक हत्या वर्ष उनैस सय अंठानवे मे ओहि काल कऽ देल गेल छल जखन ओ पटनाक आई.जी.आई.एम.एस. मे उपचार लेल भर्ती छलाह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक लोकप्रिय रेडियो कार्यक्रम मन की बातक आइ दस बरख पूरा भऽ गेल अछि। दू हजार चौदह मे आजुक दिन श्री मोदी आकाशवाणी पर ई कार्यक्रमक माध्यम सँ देशवासी सभक संग अपन विचार साझा करब शुरू कयने छलाह। कार्यक्रम दस बरखक ई यात्रा मे प्रधानमंत्री महत्वपूर्ण सामाजिक, सांस्कृतिक, पर्यावरण संरक्षण आओर सामान्य व्यवहार जेहेन विषय पर अपन विचार रखलनि। मन की बात कार्यक्रम मे प्रधानमंत्री आओर आम नागरिक सभक बीच संवादक एक सशक्त माध्यम बनि गेल अछि। पछिला मास मन की बात मे श्री मोदी जनौने छलाह जे कार्यक्रमक दस बरखक नम्हर यात्रा एक मालाक रूप लऽ लेलक अछि। जेकर हरेक कड़ी मे नव अनुभव, नव कहानी आओर नव लोकसभ जुड़ैत रहलाह।

---

राज्य मे कासी नदिक बाढ़ि सँ तबाहिवला क्षेत्र मे थोड़ेक सुधार भेल अछि। जखनकि आनो–आन नदिक बाढ़ि सँ तबाहिवला क्षेत्र मे स्थिति अखनहुँ विकट बनल अछि। आपदा प्रबंधन विभागक अनुसार सतरह जिलाक पन्द्रह लाख लोकसभ बाढ़िक चपेट मे छथि। सुपौल सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे भीमनगर कोसी बराज पर पानि कम भेलाक बाद बाढ़िक स्थिति मे सुधार भेल अछि। जिलाधिकारी कौशल कुमार जनौलनि अछि जे सभ बसावट सँ पानि निकलि गेल अछि। सहरसा, मधेपुरा, मधुबनी, दरभंगा, किशनगंज, पुर्णियां आओर अररिया जिला मे सेहो बाढ़िक स्थिति मे सुधार भेल अछि। बाढ़िक कारण सहरसा–मानसी रेलखंड पर विभिन्न रेल ब्रिजक सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि। अधिकारी सभ रेललाइन पर नजरि रखने छथि। गंडक नदिक पानि मुजफ्फरपुरक कतेको नव क्षेत्र मे पसरि गेल अछि। भागलपुर मे गंगा नदिक जलस्तर बढ़लाक बाद पिरपैंती–बाखरपुर मुख्य मार्ग पर बनल मुस्तफापुर चौखंडी पुलिया पानिक तेज बहाव मे ध्वस्त भऽ गेल अछि।

एम्हर, आनो–आन बाढ़ि प्रभावित जिला मे बाढ़िक स्थित अखनहुं गंभीर बनल अछि। एहि बीच नेपाल सरकार अगिला चौबीस घंटा मे कोसी आओर गंडक नदिक जलग्रहण क्षेत्र मे भारी बारिशक अलर्ट जारी कयलक अछि। नेपालक गृहमंत्री रमेश लेखक जनौलनि जे भारी बारिशक पूर्वानुमान के देखैत आपदा प्रबंधन सहित आनो–आन एजेंसी के अलर्ट कऽ देल गेल अछि। जाहि सँ बिहार मे एक फेर सँ बाढ़िक स्थिति बिगड़ि सकैत अछि।

---

प्रदेशक उत्तरी क्षेत्र मे आइ भोर किछु ठाम हल्लुक सँ मध्यम स्तरक बारिश भेल अछि। सुपौलक किशनपुर मे सभ सँ बेसी उनसठि दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे राज्यक किछु क्षेत्र मे हल्लुक सँ मध्यम बारिश भऽ सकैत अछि। एहि बीच मेघगर्जक संग ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे कृष्णा घाट पर अशोक राजपथ सँ जे.पी. गंगापथ संपर्क रोडक लोकार्पण कयलनि। जे.पी. गंगा पथक ई चारिम संपर्क पथ अछि, जे अशोक राजपथ सँ जुड़ि गेल अछि। ई नव मार्ग के खुजला सँ एनआईटी पटना, महेन्द्रु, रमना रोड, गुलबीघाट, भिखना पहाड़ी आओर खजांची रोड सँ जुड़ल क्षेत्रक लोकसभ बिना जाम के गंतव्य धरि जा सकताह।

———————————————————————————

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल लोकसभ सँ खादी वस्त्र किनबाक लेल जनौलनि अछि। आइ पटनाक गांधी मैदानक खादी मॉल मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे गांधी जयंती पर खादी वस्त्र पर पचास प्रतिशतक छूट देल जा रहल अछि।

———————————————————————————

शक्ति स्वरूपा देवी दुर्गाक अराधनाक अनुष्ठान शारदीय नवरात्र आइ सँ शुरू भऽ गेल। अनुष्ठानक पहिल दिन आइ माँ दुर्गाक शैलपुत्री स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे दुर्गा देवीक शैल पुत्री स्वरूपक पूजा–अर्चना सँ सभ मनोकामना पूर्ण होयत अछि। दूर्गा पूजा के लऽकऽ मिथिलांचल सहित पूरा प्रदेश मे भक्तिमय माहौल बनि गेल अछि। कतेको शक्ति पीठ आओर सार्वजनिक पूजा–पंडाल सभ मे भोरे सँ भक्त लोकनिक भारी भीड़ लागल अछि। श्रद्धालु सभ अपन घर मे सेहो कलश स्थापना कऽ पूजा–अर्चना कऽ रहल छथि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभ के बधाई आओर शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

समाप्त